*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№129 (26581)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 22 июль – сусæны мæйы 22 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ПАРЛАМЕНТÆЙ *Ирыстоны хæхтæ æнхъæлмæ кæсынц...*
3 РАВДЫСТ *Йæ аивад уыди æнæхъæн дуне*
4 ЮБИЛЕЙ *Раздæрау – уæйыгарæзт æмæ зæрдæхæлар*

**Конкурс**

## Не ’мзæххоны æнтыстдзинад



**Уæрæсейы Журналистты цæдис конкурс «2026 азы хуыздæр журналистон уацмыс»-ы бæрæггæнæнтæ бахыгъта.**

**Æппæт бæстæйæ æрбафтæг 1600 æрмæгæй фылдæр кæдæм хаудтой, ацы аз экспертон жюрийы уæнгтæ 752 ахæм курдиатыл æрныхас кодтой.**

**Конкурсы дипломантты ‘хсæн ис не ’мзæххон, Цæгат Ирыстоны паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы радиохъусынгæнынады службæйы шеф-редактор Баллаты Ритæ (программæ «Боныгон студи»-йы тыххæй).**

**Цæгат Ирыстоны Мыхуыры хъуыддæгтæ æмæ дзыллон коммуникациты комитет Ритæйæн йæ хæрзиуæджы фæдыл арфæ кæны. Нæ зæрдæ йын зæгъы ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ æмæ алыхуызон хорздзинæдтæ. Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ.**

**Партион архайд**

## Цалцæггæнæн куыстытæм – цæстдард



**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Адæмон программæ æмæ проект «Ног скъола»-мæ гæсгæ, ацы аз ахуырады 36 кусæндоны: 24 скъолайы, стæй фæйнæ æхсæз рæвдауæндоны æмæ астæуккаг профессион ахуырады объекты нывылгонд æрцæудзысты.**

Рæстæгæй-рæстæгмæ объекттæм æрбацæугæйæ, партийæ депутаттæ æххæстгонд цалцæггæнæн куыстыты хæрзхъæддзинадмæ, стæй, фæрæзтæ æмбæлгæ уагæй хардзгонд цæуынц æви нæ, уымæ цæст дарынц.

Дзæуджыхъæуы 3-æм æмæ 44-æм скъолаты, стæй, Горæтгæрон районы Æрхонкæйы станицæйы 2-æм скъолайы цалцæггæнæн куыстытæ куыд цæуынц, æрæджы «Иугонд Уæрæсе»-йы минæвæрттæ уый рабæрæг кодтой.

Фæстаг æртын азы дæргъы фыццаг хатт 3-æм скъолайы сæр цалцæг кæнынц. Иннæ аз ам мидæггаг аивгæнæн куыстытæ баххæст кæндзысты. 44-æм скъолайы электрон тыхуадзæн телтæ æмæ санитарон ифтонггæрзтæ æххæстæй ивд æрцыдысты. Рæхджы специалисттæ ахуырадон кусæнуæтты мидæг баххæстгæнинаг куыстытæм бавналдзысты.

Фæстаг 54 азы дæргъы Æрхонкæйы 2-æм скъола фыццаг хатт цалцæг кæнынц. Ныридæгæн ам электрон тыхуадзæн телтæ, стæй донæй ифтонгады æмæ хъармгæнæн системæтæ ногтæй баивтой. Ацы бонты ахуырадон кусæнуæттæ аив кæныны куыстытæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц.

Ахуыргæнæндæттæ нывылгонд цæуынц канд уый нæ, фæлæ ма сæ нырыккон ахуырадон кусæнгæрзтæй дæр ифтонг кæнынц. Алы сывæллон дæр, йæ цæрæнбынат нæ нымайгæйæ, цæмæй нырыккон, удæнцой уавæрты ахуыр кæна, нæ хæс у ууыл бацархайын.

**Нæ уацхæссæг**



**Мæздæджы районæй**

## Цæрджытæн – хæрзвадат царды уавæртæ

**Мах æдзух дæр нæ цæст дарæм, фæстаг азты Мæздæджы район куыд рæзы, цы ивддзинæдтæ дзы цæуы, уымæ. Абон бæлвырддæр æрлæудзыстæм Предгорноейы хъæуыл. Уым афæстаг рæстæджы бирæ мадзæлттæ арæзт æрцыд йæ цæрджыты цард фæхуыздæр кæнынæн.**

Куыд зонут, афтæмæй æнæ донæй цард нæй. 2017 азы донуадзæн хæтæлты егъау рацарæзт ацы хъæуы цæрджыты ныфс бауагъта, нуазыны дон сæм æнæцухæй кæй цæудзæн, уымæй. Ивд æрцыдысты доны хæтæлты 19 километрæй фылдæр. Уый уыд фыццаг къахдзæф царды уавæртæ фæнывылдæр кæнынæн. Ныр нуазыны сыгъдæг дон ис алы хæдзары дæр.

Стыр æргом здæхт цæуы фæсивæды хъомыладмæ дæр. Алы хъæуæн дæр йæ уидаг йе скъола у. 2019 азы ам цалцæггонд æрцыд спортивон зал. Уый руаджы ахуырдзаутæн фæзынд ног фадæттæ спортæй архайынæн. 2020 азы ма скъолайы байгом кодтой, фыццаг къласмæ бацæуынмæ кæм цæттæ кæндзысты, ахæм къорд. Ныридæгæн уал дзы ахуыр кæнынц 25 сабийы. Ацы хъуыддаг хорзырдæм фæзынд, хъæуы цы æрыгон бинонтæ цæры, уыдоныл. Сæ райгуырæн хъæуæй сæ рæвдауæндон агурæг цæуын нал бахъæудзæн.

Кæй зæгъын æй хъæуы, адæмæн фидæн нæ уыдзæн, сæ ивгъуыдæн, сæ историйæн аргъ куы нæ кæной, уæд. 2020 азы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ цард чи ратта, уыцы хъæбатыр æмзæххонты Æфсымæрон ингæн æмæ мемориал бындуронæй цалцæггонд æрцыдысты. Хъуамæ рæзгæ фæлтæр зоной нæ фыдæлты сгуыхтдзинæдтæ æмæ сын аргъ кæной.

Хъæуы астæу ма фæзынд, йæ фæзуат 800 квадратон метры кæмæн ахсы, ахæм нырыккон фæлладуадзæн æмæ хъазæн бынат. Ис дзы турниктæ дæр. Уыцы бынат сси уарзон хистæр кары адæм, фæсивæд æмæ сывæллæттæн дæр хи ирхæфсынæн.

Уæдæ рохуаты нæ баззад хъæуы цæрджыты æнæниздзинад дæр. 2023 азы хъæуы фæзынд ног амбулатори. Уый алы хъæуы цæрæгмæ дæр дохтыры æххуыс фæхæстæгдæр кодта. Ноджы ма бындурон цалцæг æрцыд хъæуы астæуккаг скъола дæр. Сæвæрдтой дзы нырыккон ифтонггарзæй. Уый ахуырдзауты разæнгард кæны ног зонындзинæдтæ райсынмæ.

Хъæуы инфраструктурæйы рæзт, хæрзхъæд ахуырад æмæ медицинон æххуысы фадæттæ – уыдон хуымæтæг ныхæстæ не сты, фæлæ бæлвырд къахдзæфтæ цæрджытæн хæрзвадат цард саразынмæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Специалистты цæттæдзинад**

## Дæттынц фæлварæнтæ

**Республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады 15 июлæй бæрæг кæнынц разамынддæттæг компаниты специалистты цæттæдзинад – сæ квалификаци. Уый тынг хъæуы сæ разамонджытæ æмæ специалистты, сæ архайд бирæфатерон хæдзæрттимæ кæмæн у, уыдоны.**

Ацы фæлварæнты фæстæ адæймаг Уæрæсейы Цæрæнуæтты кодексы 193-æм статьямæ гæсгæ райсдзæн аттестат. Æнæ уымæй бирæфатерон хæдзæрттæн разамынд дæттыны лицензи райсæн нæй. Кæд æмæ бæрнон адæймагмæ лицензи нæй, уæд лицензион домæнтæ хæлд цæуынц.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады цæрæнуæтты цæстдарды управленийы разамонæг **Илона Лукожева** куыд бамбарын кодта, афтæмæй фæлварæн амоны, специалист æппæт зонындзинæдты хицау кæй у, йæ архайд закъонæвæрынады домæнтæн дзуапп кæй дæтты, уый. «Фæлварæн хъуамæ дæттой, бирæфатерон хæдзæрттæн разамынд дæттынмæ чи хъавы, уыдон дæр», – загъта цæрæнуатон цæстдарды управленийы разамонæг.



Цæмæй фæлварæнмæ бацæуай, уый тыххæй дæ бахъæудзæн Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрадмæ курдиат бадæттын, уыимæ – дæ паспорт дæр.

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**

**Адæмон газет**

## «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

## Дзырды фарн

***Куысты цин æмæ маст,***
***зын æмæ æнцон чи нæ бавзары,***
***уый царды адæн дæр цы зоны.***

*ÆМБИСОНД*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **22 июлы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **18-30 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,53 | Хурыскаст — 04,42<br>Хурныгуылд — 19,33 | Валютæйы аргъ | Доллар — 78,32<br>Евро — 89,55 |

**12 +**

Парламентæй

# Ирыстоны хæхтæ æнхъæлмæ кæсынц…

**РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæ, сæ сæргъы – Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз, афтæмæй Цæцæны æмæ Кæсæг-Балхъары республикæты закъонæвæрынадон оргæнты депутаттимæ схызтысты Цæгат Ирыстоны хæхтæй иу – Лæхурæн-Хохмæ. Ацы рæсугъд хъуыддаг арæзт æрцыд Уæрæсейы Адæмты иудзинады боны кадæн.**

Хохы цъупмæ хизгæйæ, Ирыстоны рæсугъддæр бынæттæй иу – Уæллаг Зджыд – федтой Цæцæны республикæйы Парламенты Сæрдар **Шаид Жамалдаев** æмæ Кæсæг-Балхъары Республикæйы Парламенты Сæрдары хæдивæг, грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй олимпиаг чемпион **Мурат Карданов**. Сæ фарсмæ балæууыд Цæгат Ирыстоны цыппæрæм равзæрст Парламенты депутат, грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй олимпиаг чемпион **Хуыгаты Алан** дæр.



Уæрæсейы алы регионты парламентаритæн уый у æртыккаг ахæм балц парламентты ‘хсæн æмгуыстад фидар кæныны нысанимæ. Уыцы хорз хъæппæрис равдыста цæгатирыстойнаг закъонæвæрынадон оргæны разамонæг Тускъаты Таймураз. Цæгатирыстойнаг хæхтæм фыццаг ахæм балц арæзт æрцыд горæт Бетъырбухы Закъонæвæрынадон Æмбырды юбилейы кадæн, дыккаг та – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 80 азы æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты 30 азы юбилейы кадæн.

Ацы хатт хохы цъупмæ депутаттæй уæлдай схызтысты нæ абоны хъайтартæ – сæ намыс æмæ лæгдзинад хæсты быдыры чи равдыста, уыдон – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, стæй ма кæстæр фæлтæр – Фæсивæдон парламенты депутаттæ æмæ æхсæнадон змæлд «Адæмон фронт»-ы минæвæрттæ.

Балц хуымæтæг нæ рауад. Йæ архайджытæ физикон æгъдауæй хъуамæ уыдаиккой иттæг хорз цæттæ, хъаруджын æмæ фæразон. Кæм – уарынтæ, кæм – мигъ – ахæм æрдзон уавæрты сæ уæлæмæ хизын бахъуыд сахат æмæ æрдæг. Хохы цъупмæ куы схæццæ сты, уæд дзы цы чысыл фæз уыд, уым сарæзтой флешмоб: Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон тырысайы алыварс æрсагътой нæ бæстæйы 89 регионты тырысатæ, стæй хæхтыл азæлыд Уæрæсейы Паддзахадон гимн. Тускъаты Таймураз та балцы архайджытæн загъта арфæйы ныхæстæ.

– Ацы хорз хъуыддаг мах сарæзтам Уæрæсейы Адæмты иудзинады боны кадæн, нæ цытджын бæстæйы сæрвæлтау хъæбатырæй чи хæцыд æмæ нын уæлахизтæ чи хаста, нæ уыцы хистæрты кадæн. Нæ иудзинад нын бантыст Уæрæсейы адæмы фæллойадон æмæ хæстон сгуыхтыты фæрцы, æмæ нæ уый рох хъуамæ ма кæна. Нæ балц хохы цъупмæ æнцон кæд нæ уыд, уæддæр уыдонæн сæ царды фæндæгтæ уыдысты бирæ-бирæ зындæр. Фæлæ фæрæзтой, фидæны фæлтæртыл, махыл хъуыды кæнгæйæ, æмæ уый нæ зæрдыл хъуамæ бадарæм. Æнæ зынтæ бавзаргæйæ, уæлахизтæ нæй.

Фæсивæдмæ йе ‘ргом аздахгæйæ та нæ республикæйы Парламенты депутат загъта, цæмæй, сæ тыхтæ æмæ сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, ахуыр кæной æмæ кусой, æмæ уæд царды цыфæнды бæрзæндмæ схизын дæр сæ бон бауыдзæн.

Ирыстоны рагон хæлар, Цæцæны Парламенты спикер Шаид Жамалдаев, ахæм балцытæ аразыны хъуыддаг хорзыл банымайгæйæ, загъта, ацы фæлтæрддзинадæй сæхæдæг дæр пайда кæнын кæй райдайдзысты.

– Проект у иттæг хорз. Уый хъуамæ суа интернационализмы бындур, уымæ гæсгæ йæм хъæуы фæсивæды æргом тынгдæр аздахын. Уæрæсейы цæры 191 адæмыхаттæй фылдæр æмæ дзуринц 200 бæрц æвзæгтыл æмæ æвзаджы здæхттыл. Абон кæй сарæзтам, ахæм хорз хъуыддæгтæ сты адæмты иугæнæг тых, – бафиппайдта Шаид Жамалдаев.

Мурат Карданов дæр Тускъаты Таймуразæн арфæ ракодта, иудзинады ахæм рæсугъд бæрæгбон арæзт кæй æрцыд, уый фæдыл æмæ загъта, ацы аз Кæсæг-Балхъары кæй сарæзтой æфсымæрон цалдæр фембæлды æмæ патриотон акцитæ.

– Ахæм иумæйаг цаутæ арæхдæр кæй араздзыстæм, уый мæ уырны, – загъта Кæсæг-Балхъары Парламенты Сæрдары хæдивæг.

Уæдæ мах дæр нæ зæрдæ дардзыстæм, ацы балц йæ архайджыты зæрдæты рæсугъд æнкъарæнтæ кæй ныуудздзæн, ууыл, æмæ, Тускъаты Таймуразы загъдау, радон ахæм балц дæр тынг дард нæу. Ирыстоны хæхтæ æнхъæлмæ кæсынц сæ хъæйтартæм.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Хъæугæ ныхас

# Алы студентимæ æмдзу кæныны нысан

**Дæсныйадон тагъд цæттæдзинады центры уыд кусæг æмбырд. Рæгъмæ рахастæуыд дæсныйадон здæхты къабазы ведомствæты ‘хсæн æмархайды, ахуырад исджытимæ æмдзуйы фарстатæ, национ проекттæ «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ», «Йæхæдæг чи тæхы, ахæм авиацион системæтæ»-йы архайæг профессион ахуырады рауагъдонтæн куысты бынæттæ агурыны нысантæ.**



Ныхасы архайдтой Ахуырад æмæ наукæйы министрады, профессион ахуырады разамонджытæ, специалисттæ, Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты минæвæрттæ, Дæсныйадон тагъд цæттæдзинады центры кусджытæ, æндæр бæрнон адæм. Уавæрыл дзургæйæ, министрады наукæ æмæ дæсныйадон ахуырады хайады разамонæг **Анжелика Вареница** куыд загъта, афтæмæй ныртæккæ ведомствæты ‘хсæн æмгуыстады фæлгæты сбæрæг кодтой Дæсныйадон тагъд цæттæдзинады центрты сæйраг рахæцæнтæ 2026-2027 азтæн.

«Абон рæгъмæ хаст æрцыд алы студентимæ æмдзу кæныны нысан, йæ дæсныйады рæзты хицæн маршрут. Уыцы-иу рæстæг ахсджиагæй баззадысты куыстдæттæгимæ ахадгæ хуызы ныхас кæныны фарстатæ, хъуамæ, æнæмæнг, рауагъдонæн куысты бынат лæвæрд æрцæуа», – загъта ведомствæйы бæрнон кусæг.

Æмбырды æргом аздæхтой æппæт фарстатæм, уыдонимæ – студенты дæсныйад равзарыны æмæ куысты бынаты фарста. Уымæй уæлдай, дзырдтой фæсивæды дæсныйадон здæхты, ахуырадон хъуыддаджы, сæ практикон цæттæдзинады, стажировкæйы нысантыл. Уыдæттæ царды æвдисын хъæуы цифрон фæрæзты фæрцы.

Кæронбæттæны профессион ахуырады кусæндæтты разамонджытæн, дæсныйадон здæхты æнтыстытæ кæй равдыстой, уымæ гæсгæ радтой Арфæйы фыстæджытæ, фæбæрæг кодтой фæсивæды хъомыладмæ се стыр бавæрæн.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Зæгъын уын æргомæй

# Стырзæрдæ цæмæн систæм

**Иу дæр нæ не сразы уыдзæн дæ къæсæрæй рахиз æмæ дæ къах бырæттыл скъуырыны уавæримæ. Кæддæр, не стыр бæстæ хæлынæввонг куыд уыд, уæд мæ бахъуыд машинæйыл дард Иркутскæй Цраумæ цæуын.**

Уæд ма фидардæр уыдысты сыгъдæгдзинады домæнтæ, уыйас бырон, æнæхъуаджы арæзтадон æппарæццæгтæ, бæлæсты сæстытæ, къалиутæ нæ федтаис. Фæндæгтæ дæр нывылгонд уыдысты. Фæстæдæр, афтæ зæгъæн ис, æмæ быроны бын фестæм. Акæс, уæд бырæтты контейнертæ сæ былтæй кæлынц, сæ фарсмæ дæр – быроны егъау кæлдтытæ. Сыгъдæгдзинадыл бæрнон «ЭРА» бырæттæ нæ ласы, уый зæгъæн нæй, фæлæ кæмдæр цавæрдæр къуылымпытæ сæвзæры. Нæхи зондахаст дæр баййæфта ивддзинæдтæ, знон дæр къæхты бынмæ цы не ‘рæппæрстаис, уый абон уайтагъд рапардзынæ уынгмæ, кæдæмфæндыдæр.

Цæгат Ирыстонмæ æфсæнвæндагыл ссæуыс, уæд дæхи бацæттæ кæн, уымæн æмæ фæндæгты алыварстæ дзаг вæййынц алыхуызон бырæттæй. Фæндæгты фæйнæфæрсты сыгъдæгдзинадæн дзуапп дæттынц æфсæнвæндаджы кусджытæ, фæлæ мах та кæм стæм бæрнон?

Кæддæр Краснодары крайыл цæугæйæ, автобусы бæлццæттæй иу, йæ къухты – йæ бырæтты дзæкъул, афтæмæй автобусæй рацæйхызт. Уый уыдис æмбисæхсæв. Шофыр уый фенгæйæ, нæлгоймагæн загъта: «Ацы ран бырæттæ калæн нæй». Уый уыдис, нартхоры хуымтæн сæ кæрон кæм нæ зынд, ахæм бынат… Уæд цымæ ам та, махмæ, бырæттæ калæн цæмæн ис?

Кæд æмæ туристты уылæнтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц, æмæ нын уый æхсызгондзинад хæссы, уæд æрбацæуæг адæймаг хъуамæ уыцы уавæртæ цæмæн уына?

Дзæуджыхъæуы Ушаковæйы уынджы кæрон æвæрд сты быроны контейнертæ. Ног не сты, фæлæ сæ куыст кæнынц. «ЭРА» афойнадыл аласы бырæттæ, фæлæ уайтагъд сæ алфамбылай айдзаг вæййы алыхуызон æппарæццæгтæй, чи нал хъæуы, ахæм рудзгуытæй, кæлæддзаг бæлæсты сæстытæй, æнæхъуаджы къалиутæй. Уыдон дæр дыууæ-æртæ къуырийы иу хатт ныссыгъдæг кæнынц. Бузныг сын.

Æппæт дуне дæр бырæтты хъаймæты бахауд, Неаполь сæ быны фæцис. Фæлæ цымæ раздæр куыд арæзт уыд уыцы куыст, цæуылнæ уыдтам бырон нæ къæхты бын? Уæдæ Ушаковæйы уынджы кæрон фæндаг асфальтмæ кæдæй æнхъæлмæ кæсы, уый йæхæдæг диссаг у.





Мæнæ æркæсут йæ къаммæ, алырдыгæй – дзыхъхъытæ, къуыппытæ, кæмдæр – асфальты гæбæзтæ, кæмдæр чидæр дзыхъхъы цыдæр дуртæ æрæвæрдта, машинæтæн сæ фæндаг бынтон уæззау ма уа, зæгъгæ.

Хицау уæвын алкæй бон нæу, фæлæ цымæ цæуылнæ ис уыцы уынг сфидауц кæнæн, асфальтæй йæ сæхгæнын, уыйас даргъ дæр нæу йе скъуыддзаг. Ау, уыцы асфальт аразынæн цалдæр машинæйы хъуамæ федералон программæ ратта, æппын нæхи бон ницы у? Базил





æм, бæлæсты уæлдай къалиутæ æркал, кæмдæр дзы дидинджытæ ныссадз, кæмдæр та – китайаг уардиты бæлæстæ. Уæдæ уынджы кæрон контейнертæн дзæбæх фидауц бынат сараз, ссыгъдæг æй кæн, адæймаджы зæрдæ дзы æнæхъуаджы бырон зæхмæ аппарын куыд нæ кома, афтæ.

О, туристтæ нæм цæуынц, фæлæ нæхæдæг та цы мигæнæг стæм? Кæм балæууæм, кæм райсæм нæ къухтæм уисой, бел, рувæн?

Цæмæй афтæ мачи æнхъæла, æмæ æрмæстдæр фиппаинæгтæ хæссын, уый тыххæй мæ фæнды Стахановы уынджы кой ракæнын. Ирыстойнаг уынг Стахановы уынгимæ кæм баиу вæййы, уым нæ алчидæр фендзæн диссаджы рæсугъд, хæрззылд дидинджыты татхатæ. Райсомæй раджы сæм фæзилы æрыгон сылгоймаг. Æнæхъæн уынг дæр дзаг у дидинджытæй.

Ацы хатт æм бацыдтæн æмæ йæ бафарстон, афтæ куыд æнæзивæгæй зилыс дидинджытæм, зæгъгæ. Куыд базыдтон, афтæмæй **Медойты Луизæ** йæхæдæг дæр ам цæры, тæккæ тигъыл. Йæ ныхасмæ гæсгæ, сæ хæдзары раз кæддæриддæр уыд алыхуызон дидинджытæ сагъд. Зылдис сæм, стæй уæд иннæ сыхæгтæн дæр загъта, цæмæй бавналой, скæной сæ хæдзæртты цур рæсугъд бынæттæ. Æмæ æмхуызонæй сарæзтой удыбæстæ. Мæхæдæг æй фенын, Луизæ куыд сæрæнæй зилы дидинджытæм, куыд рæсугъд, куыд зæрдæмæдзæугæ сты, уый.

Кæддæриддæр дидинджыты татхатæ вæййынц сыгъдæг, иунæг дзæгъæл кæрдæг дæр дзы нæ фендзынæ. Ис дзы алыхуызон дидинджытæ, адæймаг сын сæ нæмттæ дæр нæ зоны, фæлæ зæрдæ барухс кæнынц. Афтæ мæм кæсы, æмæ, Стахановы уынджы чи цæры, уыцы кæстæртæй иунæг дæр æнæхъуаджы бырон зæхмæ не ‘рæппардзæн, уымæн æмæ уынынц, сæ алыварс алфамбылайæн цы кад кæнынц, уый.

Медойты Луизæ нырма æрыгон сылгоймаг у, фæлæ йæ, тæхуды, иннæтæ дæр куы бафæзмиккой. Алчидæр нæ кæд бавналид йæ алфамбылай сыгъдæг кæнынмæ… Горæт адæймаджы уды скондыл хорзырдæм нæ ахады, адæм сæхи айстой æддагон хъуыддæгтæй. Бахызтæ фатеры къæсæрæй, дæ дуар сæхгæдтай æмæ уый адыл фæцис. Фæлæ ма акæсæм нæ уынгтæм, нæ фæндæгтæм, нæ уавæртæм. Ау, кæд æмæ, зæгъæм, Кæсæг-Балхъары республикæйыл цæугæйæ, иунæг бырон дæр цæст не ‘рцахсдзæн, уæд мах афтæ æгуыдзæг цæмæн систæм?

Махæй аразгæ цы у? Цы у сæ бон, хъуыддагæн дзуапп чи дæтты, уыдонæн? Мæнмæ гæсгæ, уый хуымæтæджы фарста нæу…

**БУТАТЫ Эльзæ**

Кадджын хистæр

# Саулаты Савелийы 80 азы

**Нæ алкæй цард дæр куыд алыхуызон у, афтæ алыхуызон сты нæ алкæй фæндтæ дæр. Нæ иутæ равзæрст фæндæгтыл цæуынц уæндонæй, сæ фæстæ уадзынц ирд фæд. Иннæтæ та сæ граждайнаг, хæстон, дæсныйады хæс уæзданæй æххæст кæнынц, æвдисынц фæллойыл æнувыддзинад. Уыдоны лæггадыл æнцой кæнынц адæм, нæ горæт, нæ республикæ.**



**Саулаты Савели** райгуырд Æрыдоны, бирæсывæллонджын бинонты 'хсæн. Йæ фыд Саулаты Харитон уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, йæ мад Къубалты Рая та уыд бæтæхъойыхъæуккаг чызг. Сæ кæстæртæн амыдтой царды хæрзтæ, уыдон дæр тырныдтой ахуырмæ. Куыддæр скъола каст фæцис, афтæ Савели кусынмæ бацыд Садоны здыйыцинчы комбинатмæ. Фæндыд æй ахуырмæ бацæуын, фæлæ йæм уæдмæ фæсидтысты Æфсадмæ. Саулайы-фырты службæ ахуыдта Германмæ, бахъуыд æй Чехословакийы операци «Дунай-68»-ы архайын. Уым йæ интернационалон хæс сæххæст кодта. Бæстæ хъахъхъæнæн ведомствæйы разамонæг Андрей Гречкойы Арфæйы фыстæг райста.

Службæйы фæстæ Савели ахуырмæ бацыд Хæххон-металлургон институтмæ, хуымæтæг кусæгæй сæйраг инженеры онг сырæзт. Йæ фæллойадон фæндаг æй ахуыдта «Интурист»-мæ, «Дарял»-мæ. Бирæ азты уыд куыстуаты профцæдисы сæрдар, партион организацийы нымæрдар. «Дарял» бæргæ дзæбæх фæлладуадзæн бынат уыд, фæлæ йæ фæстæдæр сæхгæдтой. Саулаты Савелийы бахъуыд æндæр ранмæ раивын.

Кæмфæнды ма кусæд Саулайыфырт, алы ран дæр ныууагъта ирд фæд. Адæмы 'хсæн ын ис кад, у фæллойы ветеран, республикæйы кадджын ветеран, фæлæ йæ бон æгуыстæй бадын нæу. Космонавтикæйы скъолайы разамонæджы хæдивæг у. Дзуапп дæтты иумæйаг фарстатæн. Уæдæ республикæйы æхсæнадон организациты архайдмæ дæр у къæрцхъус, йæхи иуварс нæ ласы.

Йæ бæрнондзинад бæрæг дары, æрмæст йæ кады нысантæ дæр ууыл дзурæг сты. Дзæуджыхъæуы «Хæстон æфсымæрдзинад»-ы ветеранты советы президиумы уæнг, Хистæрты советы сæрдар, Уæрæсейы хъазахъхъæгты регионалон советы уæнг, Саулаты мыггаджы советы сæрдар – алы ран дæр Савелийы бавæрæн бæрæг дары. Цæмæй мыггаджы бынтæ сæфт ма цæуой, уый тыххæй архивимæ стыр куыст кæны.

Ацы бонты Саулаты Савелийыл æххæст кæны 80 азы, нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад, царды бирæ бонтæ, амонд. Йæ цардæмбал Хъайтыхъты Тамарæимæ сын бирæ бантысæд, сæ хæдзар фæрнæйдзаг уæд. Сæ кæстæрты, уыдоны хъæбултимæ амондимæ цæрæнт!

**ГЕЦАТЫ Валери,**
**Дзæуджыхъæуы ветеранты советы сæрдар**

Равдыст

# Йæ аивады ис æнæхъæн дуне

**Тугъанты Махарбеджы номыл музейы Культурон центры байгом равдыст «Сезон охоты на плюшевых мишек». Проекты æвдыст цæуынц, САУЛАТЫ Сергей сæрмагондæй ацы равдыстмæ цы ног уацмыстæ ныффыста, уыдон.**











Саулаты Сергейы ном Ирыстоны сфæлдыстад уарзджытæн хорз зонгæ у. Абон нымад у йæ рæстæджы цымыдисагдæр нывгæнджытæй иуыл. Йæ куыстыты равдыст ацыд ивгъуыд 2025 азы уалдзæджы. Автор кæд æнæнцойæ архайы æмæ æдзухдæр йæ куыстытæ адæмы рæгъмæ рахæссы, уæддæр йæ равдыст «Чистый импульс» уыд æнæнхъæлæджы цау. Уый ног хуызы равдыста нывгæнæджы бирæвæрсыг курдиат. Аивадуарзджытæ йыл афтæ æхсызгонæй кæй сæмбæлдысты, уый йæ сразæнгард кодта ног равдыст бацæттæ кæнынмæ. Йæ сисбынæй цы нывтæ фæзындис, уыдон сты рог, фæлæ уыцы иу рæстæг адæймаджы зæрдæйы равзæрын кæнынц цавæрдæр арф æнкъарæнтæ, лирикон æмæ экспрессивон, зыны дзы авторы ирони дæр.

Ног равдыстæн ном ратта йæ куыстытæй иуыноммæ гæсгæ – «Сезон охоты на плюшевых мишек». Музыканты сæры алыхуызон мелодитæ куыд сæвзæры, афтæ нывгæнæджы хъуыдыты дæр цардимæ баст сюжеттæ равзæрынц. Саулаты Сергейы нывты сюжеттæ райгуырынц æнæнхъæлæджы. Уый у йе сфæлдыстады хицæн хуыз. Сергейы нывтæм кæсгæйæ, адæймагмæ сæвзæры ахæм хъуыды, цыма йæ хъайтартæ сты цавæрдæр литературон уацмысты архайджытæ. Фæлæ уый у авторы дæсныдзинады æвдисæн.

Сергей цы нывтæ саразы, уыдон сты алыхуызон сæ техникæ æмæ стильтæм гæсгæ. Хъæздыг ахорæнтæй пайда кæнгæйæ, дæсны нывгæнæг æвдисы царды æцæгдзинад. Йæ акварелон куыстыты, «Привезли свежее пиво», «Мясник», «Большой улов» æмæ иннæты автор ахæм бæлвырд фæзилæнтæ равдыста, æрвылбоны царды адæймаг хъуыды дæр кæуыл нæ акæны, нæ цæст æппæт лыстæг хъуыддæгтыл не 'рхæцы. Бæлвырд у, нывгæнæгæн йæ цæстытыл йæ сабибонтæ кæй ауайынц, уый.

– Мæн ахæм дуне фæнды равдисын, мæхи цæрын кæм бафæнда, – зæгъы нывгæнæг.

Саулаты Сергей у Уæрæсейы нывгæнджыты цæдисы уæнг. Йе сфæлдыстадон бынтæй бирæтæ фенæн ис аивадон равдыстыты, музейты, хицæн адæймæгтæй Уæрæсейы æмæ фæсарæнты.

Проекты архайынц 60 нывæй фылдæр нывкæнынад æмæ графикæйæ. Уый фæлгæты арæзт цæуынц литературон ахуыртæ сывæллæттæ æмæ фæсивæдæн.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

Лæг хъуамæ истæуыл æууæнда...

# Цы баисты, аргъуан чи фехæлдта, уыдон?..

**Мæ сабидуджы цы фехъуыстон, уыцы цаутæй æппæтæй тынгдæр мæ зæрдыл цы бадардтон, уый – нæ хъæуы аргъуаны тыххæй. Æз æй не 'рæййæфтон, уымæн æмæ райгуырдтæн йæ фехæлдæй æхсæз азы фæстæдæр. Фæлæ мæ мад, мæ сыхæгтæ арæх кодтой йæ кой, æмæ йæ æз дæр фæсаууонмæ бауарзтон, цавæр уыд, цытæ дзы-иу цыдис, уыдон-иу мæнæн дæр мæ цæстытыл ауадысты. Æцæг ма йын æз æрæййæфтон йæ дурæй амад бæрзонд къултæ, уыдысты æрдæгхæлд.**

Мæ мад-иу æнкъардæй мысыдис, ома, уый диссаджы рæсугъд аргъуан уыди, мах-иу, чызджытæ, алы хуыцаубон дæр йæ кæрты балæууыдыстæм. Сауджын-иу дæргъæй-дæргъмæ хъæдын асин аргъуаны сисыл банцой кодта, йæ цъуппылиу балæууыд, æмæ та-иу дзæнгæрджыты рæсугъд зæлланг райхъуыст, хъæу дæр-иу æй фехъуыста. Уайтагъд-иу кæрт базмæлыд. Алы хуыцаубон дæр-иу искæй чындзæхсæвæй ардæм бæхтыл æрбаластой лæппу æмæ чызджы, мах-иу цы уыдыстæм, уымæй цæстытæ фестадыстæм, уыдонмæ кæсынæй хуыздæр нæм ницы каст. Сауджын-иу саргъуыдта, стæй сæ-иу радыгай фарста:

– Дæхи фæндон у?

Мидбылты-иу бахудтысты, сæ сæртæ-иу батылдтой, æмæ-иу сын уæд сауджын сæ къухтæ кæрæдзиуыл æрæвæрдта, урс хæцъилæй-иу сын сæ æрбатыхта. Никуы мæ ферох уыдзæн...

Ацы ныхæсты фæстæ-иу мæ мад ныхъхъус, хъуыдыты-иу аныгъуылд, бынтондæр-иу æрæнкъард. Æз-иу æй нæ тыриндз кодтон, уымæн æмæ зыдтон, дарддæр цы уыдис, уый. Мæ мад æмæ мæ фыд иу сыхы схъомыл сты, се 'хсæн фондз хæдзары йеддæмæ нæ уыд, фистæгæй йæ скодтой Дауыратæм, æцæг аргъуаны кæртмæ сæ къах нæ бавæрдтой, уæдмæ уый хæлд æрцыдис. Мæ ныййарджытæ иумæ дыууæ азы йеддæмæ нæ фæцардысты, хæст сæ æрæййæфта, мæ фыд тохы быдырæй нал раздæхт.

– Уæд ма аргъуан йæ бынаты куы уыдаид, уæд ын æз уым цырагъ куы ссыгътаин, куы йын скуывтаин, уæд ын, уырны мæ, мур дæр ницы уыдаид. Фæлæ йæ зон: Хуыцау ис, æмæ йæ чи фехæлдта, уыдонæн æй нæ ныббарста. Зоныс, цы сыл æрцыдис, цытæ бавзæрстой, уый? – арæх-иу дзырдта мæ мад.

Æз мæ хæсыл нымадтон уыдæттæ базонын æмæ сæмбæлдтæн, уыцы цауæн æвдисæн чи уыд, нæ хъæуы уыцы хистæр адæмимæ, сæ мысинæгтæ мæ диктофоны бирæ фæлæууыдысты фыстæй.

Уыд уалдзæг. 1934 аз. Хъæусоветы уынаффæ рахастой: «Нæ хъæу нын парти, паддзахад æмæ хицауады цæсты æгад чи кæны, уыцы аргъуан фехалын». Мæнæ цытæ бавзæрстой йæ халджытæ: сæ разамонæг уыдис нæхи сыхаг Бицо. (Æз халджытæн сæ нæмттæ баивтон).

Аргъуанæй дуры къæртт дæр цы бон нал баззад, уыцы бон уыдон тынг баныхтой фæскуыст, уæлæсыхы Кцойты куыройы цур малмæ сæхи найынмæ ацыдысты. Куыройы фыд Бицойы йæхимæ баласта æмæ йын йæ къах дыууæ дихы фæкодта. Алыг ын æй кодтой йæ уæраджы сæрмæ, цыдис дыууæ лæдзæджы 'нцæйтты. Хæст махмæ дæр куы схæццæ, уæд Бицойы хæдзары цардысты цалдæр салдаты, сæ топпытæ-иу тыргъты къулыл банцой кодтой.

Бицойы иунæг лæппу Батыр нал фæлæууыд, иумæ дзы бæвнæлдта, гæрах райхъуыст, æмæ нæмыг йæ тæккæ ныхыл сæмбæлд. Уæд адæм алы ныхæстæ дæр кодтой, хъуамæ, дам, фронтмæ ацыдаид æмæ йæхицæн барæй афтæ бакодта, уый, дам, Хуыцауы арæзт хъуыддаг уыдис. Бицо ма иу цалдæр азы ацард, фæлæ мæлын нæ фæрæзта, дæсны Кæнил дæр ын нæ феххуыс. Иу райсом æй йæ хуыссæны мардæй баййæфтой, фæхуыдуг ис цæмæйдæр.

Аргъуаны иннæ халæг фæлæсыхаг, нæ хъæуы уæды азты фæскомцæдисонты раздзог Дыбыл, хæст куы райдыдта, уæд йæхи суртæгæнæг скодта, зæххылиу ахауд, зырзырæг-иу ыл бахæцыд. Уæд нæ хъæуы хæстон комиссар уырыссаг уыди, Парфенов, æмæ йын уый йæ уыцы митыл не 'ууæндыдис...

Аирвæзти Дыбыл тохы быдырмæ ацæуынæй, фæлæ йыл цыдæр æбæрæг низ æртыхст, сыстын æй нал бауагъта, дон ын иу ссæдз азы бæрц йæ сынтæгмæ фæхастой, уый дæр амæлын нæ фæрæзта.

Æртыккаг халæг Иста аргъуаны тæккæ бакоммæ цард, йæ дуртæй йын йæхицæн дыууæуæладзыгон хæдзар сарæзта. Куыддæр æй арæзт фæцис, кусгæ та милицæйы бæхтыл кодта, афтæ йæ иубон уыдон бричкæйы ахастой, цæмæйдæр фæтарстысты, Иста рахауди æмæ йæ син асаста. Йæ цотæй иу дæр нæ фæрæстмæ, æнæгъдау цард кодтой, æрыгонæй мæрдтæм бацыдысты. Хæдзар дзæгъæлæй баззад, раууатæй лæууы уæдæй мæнæ ныртæккæ, фенæн æй ис, мæ кæсæг, абон дæр ма.

Аргъуаны дуртæй ма сарæзтой уæртæ Заманхъулы скъола, Беслæныхъæуы – арæндон. Уыдонæй иу дæр нæ фæрæстмæ, сæ мидæг хъарм нæ лæууыд, адæм дзы никуы стæфстысты, бирæ азты фæстæ сæ бахъуыд фехалын. Уыцы дуртæй махæн нæхи хъæуы нæ колхозæн сарæзтой хоры скълад, хъæугæрон та – абана. Уыцы скълады хор нæ лæууыд, цыдæр æбæрæг тых æй уырдæм нæ уагъта, афтидæй баззад, теннисæй хъазæн бынатæн æй радих кодтой. Уæдæ мæ хъæубæстæ уыцы абанайæ цы хайыр федтой, уый дæр – зындгонд. Искуы, ме 'нæзонгæ кæсæг, Хуымæллæджы куы сæмбæлай, уæд æй тæккæ хъæугæрон галиуырдыгæй æнæ бафиппайгæ нæ фæуыдзынæ, уæдæй абонмæ чъыры хъæстæ нæма фæци.

Дзæгъæлы-иу нæ загътой нæ фыдæлтæ: «Хуыцау тæригъæддзинад никæмæн бары...»

## Иу кувæндоны фæзынды фæстиуджытæ

Мæ сабидуджы хæлæрттæй иу – Сæлбиты Гоян бирæ рæстæг фæкуыста быдираг хъæу Цæлыччы совхозы сæйраг экономистæй. Фæстæдæр йæ цæрæнбынат горæтмæ раивта, æз æй уым бабæрæг кодтон, йæ хъæууон цардыл нæм ныхас рауад, æмæ уыцы хъæубæстæйы уæды цалдæр цауы зæрдиагæй æрымысыди.

Уый уыдис, кæд нæ рæдийын, уæд иу æртын азы размæ. Мæнæн йæ раныхæстæй уæд уæлдай тынгдæр мæ зæрдæ фæцагайдтой, дæлдæр кæй бакæсат, уыцы æнахуыр уæззау хабæрттæ. Фæнды мæ, тынг мæ фæнды, мæ кæсæг, цæмæй сæ ды дæр зонай, сæйрагдæр та дæ хъуыдытыл æфтауой...

Кæс, дæ хорзæхæй...

Иу сæрдыгон фæссихор тыхджын къæвда фемæхсти, бæстæ гуыр-гуыр сси, æмæ арв Цæлыччы хъæумæ фæндагыл æрцавта иу пæлæхсар тæрсбæлас, уый та уыдис саджилбæлас, мæнæ афтæ (йе 'нгуылдзтыл æй ацамыдта Гоян). Йæ иу саджил ын асаста æмæ, уыцы саджил чи у, уый афтæмæй лæууыди, дымгæмæ дзойдзой кодта. Уыцы бон йæ цуры ницы змæлд уыдис, фæлæ дыккаг бон адæм уырдæм кувынмæ цæуын райдыдтой, æртæдзыхон чъиритæ хастой, бæгæны, æмæ Хуыцаумæ куывтой...

Уæд ма советон дуг уыдис, 1984 азы, сусæны мæйы. Чидæр партийы райкоммæ фæхабар кодта, Цæлыччы хъæубæстæйæн, дам, фæндагыл кувæндон фæзындис, æмæ уырдæм ныххæррæтт кодтой. Уый фехъусой, цы?! Районы хицауадæй цалдæр, сæ сæргъы – райкомы нымæрдартæй иу сылгоймаг, афтæмæй уым балæууыдысты. Хъæр-хъæлæба систой, нæ совхозы парторг Исахъты Викторы хурхыл ныллæууыдысты, уыцы бæлас, дам, йæ тæккæ бындзарæй акалут.

Виктор, мæгуыр, цы кодтаид, цалдæрæн ныллæгъстæ кодта, фæрæт, дам, ма райсут. Ничи йын бакуымдта, ничи уæндыдис бæлас акалынмæ... Фæлæ райком Викторы куы фæтæрсын кодта, партийы рæнхъытæй дæ атæрдзыстæм, зæгъгæ, стæй – дæ бынатæй дæр, уæд æм кæцыдæр бон бацыдысты Лианты Русик, Сергей Пюрко æмæ Алексей Тупчий, мах бар, дам, æй уадз. Фæлæ, уый фæстæ цытæ рауад, уымæ ма хъус...

Иубон нæхимæ бадын, æмæ ме 'фсин Ирæ æртыккаг чъири пецæй куыд райста, афтæ Виктор мидæмæ æрбахызт, мæнæ, дам, чысыл раздæр Большаковайæ фервæзтæн: лæппутæ уыцы бæласы кой бакодтой. Æмæ йын æз уæд афтæ зæгъын, æрбад ма. Уыцы чъиритæй Хуыцаумæ скуывтам, Викторæн дзы хатыр ракуырдтон, цы æнæраст хъуыддаг æрцыд, уый тыххæй, нæхи дæр ыл бафæдзæхстон.

Ууыл цыбыр рæстæг рацыдис, кæсын, æмæ бæласкалджытæй иу, Сергей Пюрко, нæ уынджы æрлæууыдис йæ тракторæй, йæ тележкæйы гуыффæйы та, æрвдзæфæй чи асаст, бæласы уыцы къалиутæ. Загътон ын:

– Рæвдз фæстæмæ дæ трактор скусын кæн æмæ дæ гуыффæ искуы быронгдоны цур равдæлон кæн, зыбыты иунæг сыфтæр дæр дзы куыд нал баззайа, афтæ бакæн...

Афтæ бакодта, фæстæмæ куы раздæхт, уæд та мæхæдæг цалхыл алæууыдтæн, гуыффæ куыд ссыгъдæг кодта, уый федтон, æмæ Хуыцаумæ скуывтон, Сергейы дæр ыл бафæдзæхстон, уый дзы йæхædæгдæр хатыр ракуырдта мæ цуры.

Фæлæ йын, стыр хъыгагæн, Хуыцау куыд нæ ныббарста, уымæ ма кæс. Совхозы бригады бынаты хъæугæрон фæскуыст фæсивæд дæргъвæтин бадт ацарæзтой. Сергей сæхимæ æрæгмæ куы здæхти, уæд æм йæ фыд хъæуæй йæхи стыр тракторæй агурæг рацыдис, уый дæр механизатор уыдис. Акъациты тæлмы арфмæ йæ комкоммæ сарæзта, ома, уым æрлæууон, зæгъгæ. Уым та ауоны кæрдæгыл йæ фырт йæхи уæлгоммæ аппæрста, ныффынæй.

Лæппутæ ма фыдмæ бæргæ хъæр кодтой, бауром, бауром, зæгъгæ, сæ мидбынаты фæгæппытæ кодтой, тылдтой сæ къухтæ, фæлæ уæдмæ байрæджы: йæ рахиз раззаг цалхæй йæ лæппуйы сæр ацъæл кодта...

Уыцы бонæй фæстæмæ хур зæххыл атылди, иу æртах арвæй нал хаудта, нæ мæнæутæ гыццылæй хус кæнынмæ фесты, нæ нартхæрттæ бампылдысты... Партийы райкомы уæды фыццаг нымæрдар Дзуццаты Саханджери, æвæццæгæн, цы 'взæр хабар æрцыд, уый бамбæрста, æмæ нын иу бон ныффæдзæхста, уæртæ, дам, ма, адæм æй куыд нæ базоной, афтæ Дзæгъæлкомы кусарт акæнут, Хоры Уацилламæ скувут. Байхъуыстам æм, фæлæ нын Хуыцау нæ айста нæ куывд, æмæ та нын уæд загъта:

– Ныр та бафæлварут бæласы бынаты скувын...

Скуывтам, рауарыд, фæлæ нæдæр нартхорæн, нæдæр мæнæуæн фæахъаз.

Лианты Русик дæр бæлас калджытæй иу уыд. Иу кæцыдæр бон мыл амбæлд æмæ мын мæнæ афтæ радзырдта:

– Уæртæ Хуымæллæджы 'рдыгæй æрбацæйцыдтæн знон. Куыддæр нæ кувæндоны цурмæ бахæццæ дæн, афтæ уыцы æмраст фæндагыл мæ рул мæ коммæ нал касти, мæнæ цыма фыны архайдтон, уыйау... Мæ машинæ уромыныл фæлвæрдтон, фæлæ уый мæ бон не сси, уыцы бæласмæ мæ бахаста, мæхи йыл сцавтон, ныппырх, цалцæгæн дæр нал бæззы...

Русиккæн йæхицæн ницы уыдис, æмæ йæ фыд Гагуыдз уый фæдыл сæхи хæдзары стыр куывд скодта, æз дæр дзы сæмбæлдтæн...

Куывддон бæласыл сæ зæрдæ нæ сивтой, раздæриу ам уыдис куывд, ныр æй хъæуы астæумæ рахастой. Æцæг уал раздæр райсомæй кувæг лæгтæ æртæ чъирийимæ уырдæм ныццæуынц æмæ скувынц. Зонынц æй: æз Дзæуджыхъæуы цæрын, фæлæ мын алы сæрд дæр цæлыккаг хонæг мæ дуар æрбахойы, æмæ сæм ма ныццæуон, уымæн уæвæн нæй. Зонынц æй, мæ куывдтытæ цæуаг кæй сты, уый...

**ДАУЫРАТЫ Дамир**

Спортивон фидиуæг



Юбилей

# Раздæрау – уæйыгарæзт æмæ зæрдæхæлар

**Ирыстоны уæгъдибар хъæбысхæсты скъолайы æнтыстдзинæдты зынгæ фæд чи ныууагъта, уыцы зындгонд богæлттæй иу уыди Бигъаты Георгийы фырт Барис (Гыбыт). Дунеон къласы спорты мастер, Уæрæсе, Советон Цæдис, Европæйы чемпион, дунеон турнирты авд хатты уæлахиздзау, ССР-ы Цæдис æмæ Европæйы чемпионатты къорд хатты призон бынæттæ бацахсæг уыд уæззау уæзы, абсолютон уæзы та ссис ССР-ы Цæдисы чемпион.**

Бигъаты Барис (Гыбыт) уыд нæ бæстæйы иугонд командæйы уæнг. Уый 1970-1980 азты, йæ тæккæ спортивон тыхы куы уыди, уæд, куыд нæ бæстæйы, афтæ Европæ æмæ æгас дунейы дæр йæ уæзы уыдысты амæйай тыхджындæр богæлттæ. Зæгъæм, Советон Цæдисы уыцы азты (1970-1980) – Андиаты Сослан, Салман Хасимиков, Владимир Паршуков, Давид Тариеладзе, Нодар Мадебадзе. Уыдонимæ ерысгæнгæйæ, 2-3-аг бынат бацахсын дæр уыди стыр æнтыстыл нымад. Уæззау уæзы тыхджын ныхмæлæуджытæ уыди Европæйы дæр. Зæгъæм, венгриаг богал Иожиф Балла уыд дунеон чемпион, болгайраг богал Баю Баев цалдæр хатты уыд дунеон чемпионатты призон бынæттæ рамбулæг. Раст ахæм æнтыстдзинæдтæ уыди гермайнаг богæлттæ Герке æмæ Эйхельбауммæ дæр. Румынаг богал Шимон та дунеон чемпионы ном 1974 азы, Андиаты Сосланимæ хæцгæйæ, рамбылдта. 1976 азы та Олимпиаг хъæзтыты Сосланы фæстæ рацыд 3-аг бынатмæ. Гыбыт, ацы богæлттимæ ерысгæнгæйæ, 1978 азы фыццаг бынат рамбылдта Европæйы чемпионаты.



Бигъайы-фырт, æнæмæнг, уыди дунейы тыхджындæр уæззаууæзон богæлтты æмрæнхъон, фæлæ йæ спортивон фæндаджы разынд хъыгдарджытæ, æмæ йын фадат нæ уыди дунейы чемпионаттæ æмæ Олимпиаг хъæзтыты архайынæн. Æнæмæнг, уым уыдаид раззагдæртимæ.

Уымæн, цы йæ фидар уæнгты конд, цы – йæ техникон цæттæдзинадæй аккаг уыд Олимпиаг хъæзтыты дæр йæ хъару æмæ дæсныдзинад равдисынæн.

Ахæм аргъ ын кæны Уæрæсейы сгуыхт тренер Тедеты Малик дæр: «Æз Гыбыты базыдтон, хæрз æрыгон ма куы уыдтæн, уæд. Уый мæнæй уыд авд азы хистæр, фæлæ нын уыди иу тренер Габысаты Хъамболат. Гыбыт уыд æрдзæй ратгæ уæйыгарæзт лæппу, æмæ йæ мах нымадтам фидæны спорты хъайтарыл.

Хъаруджын æмæ уынджын лæппу уæвгæйæ, йæхи дардта уæзданæй. Уыди æгъдауджын æмæ цæстуарзон. Ахæмæй баззад абоны онг дæр. Йæ гæнæнтæм гæсгæ, аккаг уыд спорты æппæты бæрзонддæр æмæ кадджындæр хæрзиуджытæ рамбулынæн, фæлæ хатгай спортивон амонд амæй-ай курдиатджындæрты фæрсты алидзы. Гыбыт у æгъдауджын адæймаг, æмæ йын мæ зæрдæ зæгъы, æнæниз æмæ цардхъомысæй мæ бирæ азты куыд фæцæра. 22 июлы йыл æххæст кæны 75 азы, æмæ йын йæ алы райгуырæн бонтæ дæр хъæлдзæг хабæрттæ куыд хæссой, уый йын Хуыцауы цæст бауарзæд.

Гыбыт сывæллонæй рахаста куыстуарзондзинад. Уый тыххæй йæхæдæг зæгъы: «Сывæллонæй Зæронд Бæтæхъойыхъæуы нæ хæдзары кæддæр фæнды дæр хъуыди змæлын. Хъæуы мидæг куыст вæййы бирæ, æмæ æз нæ хъуыды кæнын, æнцад бадынмæ рæстæг кæд уыди, уый.

Цы – кæрты, цы – цæхæрадоны кæнинæгтæ уыди бирæ. Æвæццæгæн, хъаруджын дæр адæймаг уый фæрцы свæййы. Æз уарзтон белæй къахын, губакк кæнын, хос кæрдын... Кæй зæгъын æй хъæуы, уый мын фæпайда, æмæ ме уæнгты тых æмæ фæразондзинад, Дзæуджыхъæуы «Локомотив»-ы спортивон залмæ куы бацыдтæн, уæд уайтагъд мæ мæ уарзон тренер Габысаты Хъамболат бафиппайдта. Хъамболат махыл аудыдта йæхи хъæбулты хуызæн, æмæ дзы æз абоны онг дæр бузныг дæн.





Сывæллон амондджын вæййы, йæ мадæй уæлдай ма йыл ахуыргæнæг дæр аудæг куы разыны, уæд. Æз афтæ бузныг дæн мæ фыццаг ахуыргæнæг Окроаты Зинаидæйæ дæр».

Бигъаты Гыбыты йæ царды фæндæгтæ, æрыгон ма куы уыд, уæд ахастой Украинæмæ. Уæды рæстæг не стыр бæстæйы афтæ бирæтæ цыдысты, чи – кусынмæ, чи – ахуыр кæнынмæ. Гыбыт Киевы бацыд ахуыр кæнынмæ институтмæ æмæ ерысты дæр архайдта Украинæйы номæй. Киевы йын тренертæ систы дунейы раздæры чемпионтæ – Арам Ялтырян æмæ Гусаты Юри. Уыдон тыххæй Гыбыт зæгъы: «Арам Ялтырян æмæ Гусаты Юрийæ æз абоны онг дæр дæн бузныг. Уыдон дыууæйæ дæр уыдысты стыр профессионалтæ. Юри цардæй æгæр раджы кæй ацыд, уый мын абон дæр мæ зæрдæ сризын кæны. Уый кæуылты дæсны тренер уыди! Куыд зыдта алкæй гæнæнтæ дæр æмæ, бахъуаджы сахат цы бацамонын хъæуы, уый иу куыд акъахта! Нæй рох кæнæн ахæм адæймæгты хорз ном!»

Гыбыт йæ 75 азы боныл æмбæлы, раздæрау, уæнгрогæй, æмæ йын нæ зæрдæ зæгъы, афтæ æнæфæцудгæ йæ сæдæ азы сæрты дæр куыд акæса!

Бинонты хистæр уæвгæйæ, йæ хъуыдытæ æмæ фæндтæ фылдæр баст сты йæ кæстæртæ æмæ уыдоны кæстæртимæ, æмæ йын уыдон сæ сæрæндзинад æмæ хæрзæгъдау хъуыддæгтæй йæ зæрдæ куыд рухс кæной, уыцы арфæтæ йыл æрцæуæнт!

Гыбыт кæдфæнды дæр уыди ирон адæмы хуыздæр æгъдæуттыл хæст, æмæ абон дæр Хуыцауæй фæкуры, нæ абоны фæлтæртæ нæ фыдæлтæй ратгæ хорз æгъдæуттыл иузæрдион куыд уой, цæмæй ма рæдийой кæйдæр ардыдæй æндæр динтæ æмæ сайæн æгъдæуттæ исгæйæ.

«Цы ма ис хуыздæр не 'мзæххонты хорз æгъдау, сæрæндзинад æмæ сгуыхтдзинæдтæ уынынæй?! Уый адæймагæн у ныфсы хос, æмæ, нæ Ирыстон уыцы хорзæхтæй хъæздыг куыд уа, уый нын Хуыцау æмæ Йе сконд зæдты узæлдæй бантысæд!» – зæгъы Бигъаты кадджын лæг Гыбыт.

Йæ куывдтытæ æрцæуæнт, куыд нæ Ирыстон, афтæ йæхи кæстæртыл дæр!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Архайд

# Монументтæ ссыгъдæг кодтой

**«Спецэкосервис»-ы кусджытæ пъланмæ гæсгæ бавнæлдтой горæты монументтæ сыгъдæг кæнынмæ, уымæй уæлдай, фæндæгтыл сæвæрдтой æмбæлгæ тæлмытæ.**



Быгъуылты Дзæуæджы цыртдзæвæн æмæ Семен Штыбайы бюст бæрзонд æлхъывдады аппарат æмæ æхсыны фæрæзтæй ныхсадтой. Афтæмæй монументтæ ссыгъдæг сты уынджы рыгтæй, сæгæй, дурты сконд хъыгдард не 'рцыд.

Æрвылбон коммуналон хæдзарады специалисттæ фæндæгты æдасдзинады нысантæ сног кодтой. Тæлмытæ кæныны хъуыддаг адих кодтой дыууæ радыл. Æхсæвы Дзанайы-фырты, Пожарскийы, Левченкойы уынгты фæндæгтыл скодтой тæлмытæ, Грибоедовы уынджы кæнгæ къуыппытæ сахуырстой ахорæнтæй. Бонæй та Павленкойы уынг æмæ Доваторы проспекты фистæг цæуджыты къахвæндаг сног кодтой.

Куыстытæ дарддæр конд цæуынц.

**Нæ уацхæссæг**

Энергетикæ

# Равдыст байгом

**Электроэнергетикæйы къабазы кусджыты кадæн Дзæуджыхъæуы Коцойыфырты уынджы Терчы былгæрæтты байгом равдыст «Надежные люди».**



Бæстæйы ссæдз горæтæй фылдæры райдайгæ экспозици цæуы компаниты къорд «Россети»-йы парахат проектмæ гæсгæ. Электроэнергетикæмæ канд электрон тыхуадзæн телтæ æмæ дæлстанцæтæ нæ хауынц, фæлæ дзы, фыццаджыдæр, вазыгджын, тæссаг æмæ иттæг ахсджиаг дæсныйад равзарæг адæймæгтæ кæй кусынц, уый бавдисын.

Æрвылбон фæллойгæнгæйæ, æппæт бæстæйы цæрæг адæмы удæнцойдзинадæн фадæттæ чи аразы, къамтыл фенæн ис уыцы электромонтертæ, мастертæ, диспетчертæ, инженертæ, хæдтулгæскъæрджытæ æмæ æндæр дæсныйæдты минæвæртты. Ныхас вазыгджын куыстадон хæслæвæрдтыл кæм цæуы, алы къамæн дæр ис гæххæттыл фыст ахæм цыбыр текст.

Равдысты кæй къамтæ æвæрд æрцыдысты, уыцы адæймæгты 'хсæн сты компани «Россети Северный Кавказ»-ы филиал «Севкавказэнерго»-йы кусджытæ: Дзæуджыхъæуы электрон хызты хистæр диспетчер Сергей Лисутин æмæ дæлстанцæты Галиуварсон къорды электрон тыхуарæн ифтонггæрзты цалцæгкæнынады электрослесыр Хоранты Гермæн. Ацы специалисттæ энерго-компанийы кусынц, æмткæй райсгæйæ, 35 азæй фылдæр. Дæсныдзинад æмæ удуæлдай куысты фæрцы энергетиктæ иттæг вазыгджын хæслæвæрдтæ дæр баххæст кæнынц. Экспозици кусдзæн ацы мæйы кæронмæ.

**«Россети Цæгат Кавказ»-ы пресс-службæ**

«Æдасдзинады скъола»

# Призон бынат бацахстой

**Цæгатирыстойнаг командæ дæр кæм архайдта, Хъæрæсе-Черкесы горæт Тебердайы ацыдысты регионты ахуырдзауты ахæм иумæйаг ерыстæ «Æдасдзинады скъола».**



Фондз боны дæргъы æрыгон ирвæзынгæнджытæ сæ хъарутæ алыхуызон уагæй æвзæрстой. Ерысты архайджытæ гæрæнты сæрты хызтысты, «удæгасæй баззайæн маршрут»-ыл цыдысты, зынгсирвæзт хуыссын кодтой, агурæн-ирвæзынгæнæн куысты архайдтой, стæй се сфæлдыстадон курдиат раргом кодтой.

Ерысты раздзогтæ рабæрæг сты. Кары хистæр къорды фæуæлахиз Дагестаны командæ, дыккаг бынат бацахстой Стъараполы крайы минæвæрттæ, æртыккаг бынатмæ та рацыдысты цæгатирыстойнæгтæ. Кары кæстæр къорды æппæтæй хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдыстой Стъараполы крайы скъоладзаутæ, иннæ призон бынæттæ та бацахстой Дагестан æмæ Хъæрæсе-Черкесы командæтæ.

Раздзогтæ хорзæхджынгонд æрцыдысты кубоктæ, грамотæтæ æмæ призтæй.

**УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады сæйраг цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Профессиональная обрезка плодовых культур. Научно обоснованные консультации по подкормке растений конским перегноем. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2381. Заказ № 775. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**